

# Resous pou Aranjman Final yo

## Yon Gid pou Pwòch yo

Nou dezole pou pèt ou a. Nou espere gid sa a ap itil nan moman sa a ki patikilyèman difisil.

### Aranjman final komen ak limit depans yo

#### Antèman

Enkyetid finansye vin ajoute sou pwosesis pou fè aranjman final yo ki deja ranpli ak estrès. Li ka ede w, si ou mande yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon manm klèje pou ale nan rankont ak ponp finèb yo avè w, pou yo ka ede w fè chwa selon bidjè w.

Depans pou antèman an depann de pri sèkèy la, sèvis ponp finèb la, ak frè simityè a. Toujou mande ponp finèb la yon estimasyon de pri a alekri alavans, epi mande pou li enkli tout chaj yo.

- **Sèkèy la** - Li ilegal pou yon Ponp finèb chaje yon "frè anplis" si ou itilize yon sèkèy ou fè oswa si ou jwenn yonn poukont ou. W ap jwenn sèkèy a pri redui ki disponib anlis sou Walmart, Costco, Overstock.com, elatriye. Gen youn nan opsyon yo ki se achte yon sèkèy senp, san dekorasyon nan ponp finèb la epi kouvri l ak twal.
- **Revètman Tonm ak Kavo** - Prèske tout, simityè yo mande pou yo sèvi ak revètman tonm (dal an beton) pou anpeche tè a fè fon. Mande si sa nesèsè. Si sa nesèsè, yon revètman tonm anjeneral pi abòdab pase yon kavo.
- **Anbome** - Si y ap ensinere (boule kò a) oswa antere moun ki mouri a san yo pa ekspoze l devan piblik la, kò a pa bezwen anbome.
- **Antèman oswa sèvis Komemoratif (Memoryal)?** Yon sèvis komemoratif fèt san kò a, sa ki fè li mwens chè pase yon sèvis fineray kote kò a prezan. Yon sèvis komemoratif ka pwograme pou pita, sa k ap pèmèt fanmi ak zanmi ki byen lwen rasanble.
- **Pou plis enfòmasyon konsènan dwa legal ou yo:** [consumer.ftc.gov/articles/ftc-funeral-rule](https://consumer.ftc.gov/articles/ftc-funeral-rule) (anglè sèlman)

#### Kremasyon

Kremasyon se yon opsyon k ap vin pi popilè de jou an jou ak pi abòdab. Nan Massachusetts, krematwa yo pa gen lisans pou retire yon kò, kidonk jeneralman fanmi yo itilize yon ponp finèb. Fanmi yo ka retire kò a poukont yo, men pou asire diyite kò a, yo ta dwe gen yon machin ki kapab pote sèkèy la.

- **Opsyon pou sann yo** - Sann yo ka gaye oswa yo ka mete yo nan yon bokal. Simityè yo ofri opsyon pou sann yo, tankou ekspozisyon nan yon nich oswa yon mozole oswa itile yon jaden pou gaye sann yo. Manm fanmi yo ka gaye sann yoyon lòt kote yo chwazi.
- **Vwayaje ak sann yo** - Gade "Transpòte yon kò" anba a.

## Alyans Konsomatè Pwodui pou Fineray yo

Alyans Konsomatè Pwodui pou Fineray yo (Funeral Consumers Alliance, FCA) kontwole endistri fineray la epi li bay materyèl edikatif sou chwa fineray yo. Gwoup aktif yo etidye pri fineray lokal yo epi yo wè yo ka bay manm yo rediksyon rabè. Ale vizite [funerals.org](https://funerals.org) (anglè sèlman) oswa rele 800-765-0107 pou plis enfòmasyon.

## Lòt Kalite Aranjman

### Transpò yon kò (andeyò Eta a oswa aletranje)

**Transpò yon kò**, espesyalman pou ale aletranje, sa koute byen chè. **Malerezman, li difisil pou w jwenn èd pou depans sa yo. Yon pwogram ki ka ede moun k ap vwayaje oswa k ap viv aletranje yo se [teamaid.org](https://teamaid.org).** Nou sijere tou ou releponp finèb yo epi konpare pri yo, paske yo ka varye de plizyè milye dola. Aprè sa a, konsidere chache don nan men klèje, fanmi, zanmi, anplwayè moun ki mouri a ak/oswa sit entènèt pèsònèl pou ranmase lajan. Pwosesis sa a ka pran kèk tan; nou ankouraje w kòmanse pi rapid ou kapab. Pa bliye aranjman yo dwe fèt ant de ponp finèb - youn isit la ak youn kote moun ki mouri a pral antere.

**Vwayaje ak rès sann yo**- Pou vwayaj entènasyonal, kontakte anbasad peyi a davans pou ou kapab mande si gen pwosedi oswa fòmalitye espesyal. Pou vwayaj nan avyon yo, gade sit entènèt Administrasyon Sekirite Transpòtasyon (Transportation Security Administration, TSA) pou w jwenn konsèy sou respidan ki akseptab yo. Chèche tou sou sitwèb konpayi avyon ou an pou w konnen politik yo konsènan "rès sann" yo.

## Fon antèman ak fineray

### Pwogram espesyal pou ranbousman fon antèman COVID

**Avantaj**- Apati **12 avril 2021**, FEMA ap bay jiska \$9,000 kòm asistans finansye pou depans pou chak grenn antèman ki gen rapò ak COVID-19. FEMA ap kontinye bay asistans pou fineray jiska mwa septanm. 30, 2025.

**Elijiblite**- Lanmò a dwe fèt Ozetazini, enkli teritwa Ameriken yo ak Distri Columbia. Sètifika lanmò a dwe endike lanmò a fèt akòz COVID-19. **Pa gen limit revni**, epi asirans vi pa anpeche patisipasyon. **Aplikan an** dwe yon sitwayen ameriken, yon resòtisan ki pa sitwayen ameriken, oswa yon etranje ki kalifye ki te fè depans pou fineray la aprè 20 janvyè 2020. Pa **gen kondisyon** pou moun ki **mouri** a te gen estati imigrasyon legal.

W ap bezwen montre sètifika lanmò ofisyèl ki bay COVID-19 la kòm kòz lanmò (dirèkteman oswa endirèkteman) epi ki montre moun nan te fèt Ozetazini, enkli teritwa ameriken yo. W ap bezwen pataje dokiman konsènan depans antèman an ak prèv nenpòt lajan ou resevwa nan men lòt sous.

**Fason pou w gen aksè-** Ou ka aplike lè w rele **Liy asistans pou fineray COVID-19 la nan 844-684-6333** (TTY: **800-462-7585**), Lendi – Vandredi 8 a.m. jiska 8 p.m. Lè Santral.

**Pou plis enfòmasyon-** [fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance](https://fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance) (ki disponib nan plizyè lang)

## **Peman Sekirite Sosyal la, si ta gen Lanmò**

**Avantaj** - \$255 pèman yon sèl fwa pou lanmò epi, pètèt avantaj pou sivivan

**Elijiblite** – Si moun ki mouri a t ap travay epi li t ap peye Sekirite Sosyal li, yon mari oswa madanm sivivan ki t ap viv nan menm kay la ka resevwa yon pèman \$255. Si pa genyen mari oswa madanm, yon lòt manm fanmi an ka elijib. Sivivan yo ka elijib tou pou avantaj sivivan pèmanan yo.

**Fason pou w gen aksè a-** Notifye Sekirite Sosyal lanmò a (800-772-1213) epi mande si w kalifye.

**Pou plis enfòmasyon:** [www.ssa.gov](https://www.ssa.gov)  
[ssa.gov/benefits/survivors/ifyou.html](https://ssa.gov/benefits/survivors/ifyou.html) (Anglè sèlman)

## **Veteran yo, Mari oswa madanm yo ak timoun ki minè oswa ki andikape yo**

**Antèman nan simityè prive:** Gen kèk veteran ki ka elijib pou yon ti alokasyon pou kremasyon oswa antèman ak lòt depans fineray nan yon simityè prive.

**Ki jan pou w gen aksè a:** Kontakte yon konseye benefis nan biwo rejyonal Administrasyon Veteran (Veteran's Administration, VA) ki pi pre a: 800-827-1000 oswa ale sou: [benefits.va.gov/compensation/claims-special-burial.asp](https://benefits.va.gov/compensation/claims-special-burial.asp) (Aglè sèlman)

### **Antèman nan simityè Veteran yo**

**Avantaj** - Antèman yon kò oswa rèsannan yon simityè nasyonal VA ki gen ladann yon tonm nan youn nan simityè nasyonal **yo ki gen espas ki disponib**, ouvèti ak fèmte tonm lan, swen pou tout tan, yon wòch oswa makè Gouvènman an, yon drapo antèman, ak yon Sètifika Memorial Prezidansyèl gratis.

**Elijiblite-** Veteran an dwe te libere oswa demobilize de devwa aktif li nan kondisyon ki pa dezonore epi li dwe fini peryòd sèvis militè a. Konjwen, timoun ki selibatè ki poko gen 18 an, ak timoun adilt ki andikape yo elijib tou.

**Fason pou w gen aksè a-** Rele yon Konseye Avantaj pou Veteran (U.S. Dept of Veteran's Affairs) nan 800-827-1000 oswa Boston Veterans' Services Department nan 617-727-3578. Rele anvan ou kontakte yon ponp finèb lokal pou ou ka konfime elijiblite a.

**Pou plis enfòmasyon** - [cem.va.gov/cem](https://cem.va.gov/cem) (Angle sèlman)

### **Simityè Administrasyon Nasyonal Veteran yo**

- Bourne National Veterans' Cemetery  
Connery Ave., Bourne, MA 02532 | 508-563-7113

### **Simityè Veteran Eta Massachusetts (Massachusetts State Veterans' Cemeteries)**

- Massachusetts State Veterans' Cemetery - Agawam  
1390 Main Street, Agawam, MA 01001 | 413-821-9500
- Winchendon Veteran Cemetery  
111 Glenallen Street, Winchendon, MA 01475 | 978-297-9501

## Viktims kerim vyolan yo

**Avantaj**-jiska \$6,500 pou Antèman ak depans pou antèman pou moun viktim nan zak kriminel yo. Li ka kouvri sèvis konsèy pou manm fanmi yon viktim ak pou timoun ki temwen vyolans kont yon manm fanmi yo.

**Elijiblite**- Yo dwe rapòte krim nan bay lapolis nan senk jou, sof si gen yon bon rezon pou reta a. Yo aksepte demann yo pandan twazan aprè krim nan. Fanmi an dwe kolabore ak lapolis nan ankèt ak pousuit jidisyè yo.

**Ki jan pou w jwenn aksè** - Kontakte: Victim Compensation Division, Attorney General's Office, One Ashburton Place, 19th Floor, Boston, MA 02108, 617-727-2200 ext. 2160 oswa ale sou [mass.gov/service-details/applying-for-victims-of-violent-crime-assistance](https://www.mass.gov/service-details/applying-for-victims-of-violent-crime-assistance) (demann ki disponib sèlman an Anglè ak Espanyòl) Pwosesis la ka pran ant 4 a 6 mwa.

## Timoun ki an kontak ak Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF)

**Avantaj**- An jeneral, travayè DCF yo ap travay kole sere ak fanmi an pou fè aranjman pou fineray yo epi DCF ka ede finansyèman. DCF gen kontra ak ponp finèb ki sansib pou fanmi ki pèdi yon timoun epi ki ka fè plis efò pou bay yon antèman diy pou yo fè yon rediksyon pou fanmi an.

**Elijiblite**- Timoun nan dwe gen yon dosye DCF aktif oswa yon dosye ki te fèmen pandan 6 mwa ki fin pase yo.

**Fason pou w gen aksè**- Kontakte ajan DCF timoun nan.

## Fon Sekou pou Maladi Katastwofik lakay Timoun yo (Catastrophic Illness in Children Relief Fund, CICRF)

**Avantaj**- Maksimòm \$6,500 pou depans pou fineray ak antèman. CICRF ranbouse frè yo, sa vle di ou dwe deja peye depans lan. Malerezman, yo pa ka garanti davans si yo pral kouvri yon depans oswa prevwa kantite lajan yo pral kouvri a.

**Elijiblite**- Fanmi Massachusetts timoun ki te gen bezwen swen sante espesyal oswa andikap, ki gen revni se 300% oswa mwens nan Gid Povrete Federal yo (ale sou [masslegalservices.org/content/federal-poverty-guidelines-2023](https://www.masslegalservices.org/content/federal-poverty-guidelines-2023) Angle sèlman), epi ki pa gen okenn lòt sous finansman.

**Ki jan Pou Aksè**- Demann ak plis enfòmasyon sou [mass.gov/catastrophic-illness-in-children-relief-fund-cicrf](https://www.mass.gov/catastrophic-illness-in-children-relief-fund-cicrf) (anglè sèlman) oswa rele 1-800-882-1435 (nan Massachusetts), 617-624-6060, oswa TTY 617-624-5992.

## Pèt Timoun - òganizasyon Charitab Prive

Genyen yon kantite òganizasyon charitab ki ofri asistans finansyè pou fanmi ki nan nesite pou depans pou fineray ak antèman yon timoun. Chache pwogram espesifik sou ent

## Fon Depatman Asistans Tranzisyon an (Department of Transitional Assistance, DTA).

**Elijiblite**- Li pa nesèsè pou w genyen yon resi avataj DTA yo pou w kalifye. Pa gen estati imigrasyon ki obligatwa. Y ap konsidere byen moun ki mouri a ak tout pwòch paran ki responsab legalman (konjwen oswa paran yon timoun minè). Ou dwe fè demann lan nan peryòd sis mwa aprè dat lanmò a. Yon moun yo jwenn mouri epi pa konnen idantite l, li ka kalifye.

**Avantaj-** DTA ap peye yon maksimòm \$1,100 pou fineray la ak dispozisyon final yo. Total depans yo pa dwe depase \$3,500. Y ap konsidere out byen moun ki mouri a ak pa fanmi l ki responsab legalman yo (mari oswa madanm oswa paran yon timoun minè), epi y ap retire l nan kantite total fakti a (ki pa dwe depase \$3,500). DTA ap peye direktè ponp finèb la diferans lan oswa \$1,100, kèlkeswa sa ki pi piti a.

Sa a se yon fon nan dènye rekou; DTA pral mennen ankèt pou konnen ki byen ki disponib ak lòt sous pèman yo. Si yo fè pèman an, DTA gen dwa pou li gen yon ranbousman privejye kont byen ak resous yo, si genyen.

#### **Ki sa Avantaj antèman an kouvri?**

Puiske depans total yo pa ka depase \$3,500, an jeneral, lajan sa yo, yo itilize yo pou ensinerasyon. Ponp finèb k ap patisipe yo ka travay avèk fanmi yo pou yo bay yon eksperyans ki diy epi ki gen sans nan limit pwogram nan. (Gade tou Ministè Laza (The Lazarus Ministry) - anba a.)

**Fason pou nou jwenn aksè - kontakte yon ponp finèb. Tanpri sonje anpil ponp finèb pa patisipe nan pwogram sa a.** Nou ankouraje w poze kesyon anvan w deside itilizeponp finèb an patikilye. Yon ponp finèb k ap patisipe ka ede w kreye yon plan pou dispozisyon final yo ki p ap depase limit \$3,500 a. Lè w ap fèdemann pou asistans pèman sa a, ou dwe gen yon balans ou poko peye.

**Aplikasyon-** Si moun ki mouri a t ap resevwa benefis TAFDC oswa EAEDC oswa si li te gen yon aplikasyon TAFDC oswa EAEDC annatant, pa gen okenn aplikasyon anplis ki nesèsè, jis notifiye moun k ap jere DTA a.

Sinon, oumenm oswa yon egzaminatè medikal ta dwe ranpli aplikasyon an: [mass.gov/doc/application-for-funeral-and-final-disposition-benefit-ffd-1/download](https://mass.gov/doc/application-for-funeral-and-final-disposition-benefit-ffd-1/download) Yon direktè ponp finèb ka ranpli aplikasyon an sèlman si pa gen okenn fanmi, zanmi oswa egzaminatè medikal ki kapab fè sa.

Pou plis enfòmasyon-[mass.gov/funeral-and-burial-payment-assistance](https://mass.gov/funeral-and-burial-payment-assistance)

## **The Lazarus Ministry (Gran Boston)**

### **The Lazarus Ministry nan St. Anthony Shrine**

St. Anthony Shrine, 100 Arch Street, Boston MA 02110, bay sèvis fineray ak antèman pou sanzabri yo, pòv yo, ak moun ki mouri poukont yo epi ki abandone yo nan Gran Boston. Li louvri pou TOUT MOUN ki vrèman nan bezwen, kèlkeswa fwa relijye yo oswa pozisyon nan lavi yo.

St. Anthony Shrine ofri sèvis li yo gratis, tankou enstalasyon li yo, Mès Antèman Kreyen ak espas sal reyinyon pou dejene fineray yo. Anplis de sa, Sanktyè a bay tonm pou moun ki ta dwe antere l nan kavo pou pòv epi yo responsa peye pou depans pou ouvèti ak pou fèmen tonm lan. Yo ka ofri rad tou pou moun ki mouri a ak fanmi l, bay flè ak sipò kontinyèl pou fanmi ak zanmi yo. **Rekòmandasyon yon travayè sosyal obligatwa.**

### **Pou plis enfòmasyon**

[stanthonyshrine.org/ministries/lazarus-ministry](https://stanthonyshrine.org/ministries/lazarus-ministry) (anglè sèlman) oswa kontakte Mary Ann Ponti nan 617-542-6440 Ext. 258 pou mande yon bwochi Lazarus Ministry.

## Asosyasyon Simityè Jwif nan Massachusetts (Jewish Cemetery Association of Massachusetts, JCAM)

**Asosyasyon Simityè Jwif nan Massachusetts (Jewish Cemetery Association of Massachusetts, JCAM)**  
Fon antèman endijan yo a bay sipò pou fineray/antèman pou fanmi jwif ki nan bezwen yo. Fon an limite epi li disponib sèlman pou simityè JCAM yo.

### Elijiblite

Moun ki mouri a pa dwe gen fanmi, pa gen okenn lajan, li demini, epi li dwe jwif.

### Ki sa Avantaj antèman an kouvri?

JCAM ap bay teren pou antèman an, ouvèti ak fèmte tonm lan, ranbousman ak replantasyon sou tonm nan, swen pou tout tan nan simityè a, ak yon pyè tonbal an granit. Yon reprezantan JCAM ap prezan nan antèman an epi l ap ofri priyè ki apwopriye pou yon antèman jwif ki diy. Yo pa bay sèkèy. Pifò nan ponp finèb jwif yo ap gen lajan pou ofri yon sèkèy. JCAM mande si w ap travay ak yon ponp finèb ki pa jwif, li enpòtan pou yo pa anbome moun ki mouri a.

**Ki jan Pou ou jwenn Aksè** – Tanpri kontakte Stan Kaplan, Direktè Egzekitif JCAM nan sou 617-244-6509 | [jcam.org](http://jcam.org) (anglè sèlman)

## Ponp Finèb (Nnan Zòn Boston)

Yo bay lis sa yo pou yo ka senplifye lavi w; lis la pa gen tout ponp finèb zòn nan.  
**Mass General Hospital pa andose okenn etablisman ki pa afilye ak Mass General.**

<b>AJ Spears Funeral Home</b> 124 Western Ave, Cambridge 617-876-4047 Pale anglè ak espanyòl. Yon manm pèsònèl ki pale Espanyòl disponib aprè 5 p.m.	<b>Anderson-Bryant</b> 4 Common St, Stoneham 781-438-0135 Pale Anglè.
<b>Brady &amp; Fallon Funeral Home</b> 10 Tower St, Boston 617-524-0861 Pale Anglè, Kantonè, ak Espanyòl. Yon manm nan pèsònèl la ki pale espanyòl disponib apentan. Dispoze pou bay èd nan ka bezwen finansye.	<b>Brasco &amp; Son Memorial Funeral Home</b> 773 Moody St, Waltham (781) 893-6260 Pale Anglè.
<b>Brown and Hickey Funeral Home</b> 36 Trapelo Rd, Belmont 617-484-2534 Pale Anglè.	<b>Casper Funeral Services</b> 187 Dorchester St, Boston 617-269-1930 Yon manm nan pèsònèl la ki pale espanyòl ak yon manm nan pèsònèl la ki pale pòtigè disponib apentan. Eksperyans nan transpòte kò andeyò eta a ak aletranje.

<p><b>Dolan Funeral Home</b>          Biwo prensipal: 1140 Washington St, Dorchester Biwo segondè:          460 Granite Ave, Milton; 5 Canton Ave, Milton          617-298-8011          Pale anglè ak espanyòl. Gen yon manm pèsònèl la ki pale          Espanyòl ak Kreyòl ki disponib a tan pasyèl. Eksperyans travay          ak anpil kilti tankou ayisyen, Azyatik, ak Espanyòl, Kapvèdyen,          zile Karayib yo.</p>	<p><b>Faggas Funeral Home</b>          551 Mount Auburn St, Watertown          617-926-2163          Pale Anglè ak Grèk. Gen eksperyans nan rityèl          Mizilman ak Endou yo. Ka ede nan transpò          aletranje yo.</p>
<p><b>Frederick Cafasso &amp; Sons, Inc. Funeral Home</b>          65 Clark St, Everett          617-387-3120          Pale angle, Pòtigè, ak Italyen. Gen yon manm pèsònèl la ki pale          Italyen ki disponib a tan pasyèl</p>	<p><b>Goodrich Funeral Home</b>          128 Washington St, Lynn          781-592-2680          Pale Anglè.</p>
<p><b>Hamel-Lydon Chapel and Cremation Service of          Massachusetts</b>          650 Hancock St, Quincy          617-472-5888          Yon manm nan pèsònèl la ki pale Chinwa disponib aplentan.          Pale Espanyòl, Mandaren, Kantonè, Foudjyanè, Vyetnamyen,          ak Albanè. Ofri sèvis fineray tradisyonèl Chinwa. Sèvis entèprèt          nan telefòn ki disponib pou lòt lang yo gras ak Language Line          Solutions.</p>	<p><b>JS Waterman Langone Chapel</b>          (Avan sa, li te rele Boston Harborside Home of JS          Waterman)          580 Commercial St, Boston          617-536-4110          Pale Anglè, Kanbòdjyen,          Mandaren, Kantonè, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen.</p>
<p><b>Lawler Funeral Home</b>          (Avan sa, li te rele Lawler &amp; Crosby Funeral Home)          1803 Centre St, West Roxbury          617-323-5600          Pale anglè ak espanyòl. Kapab jwenn yon entèprèt si sa nesesè.          Gen yon manm pèsònèl la ki pale Espanyòl ki disponib a tan pasyèl.</p>	<p><b>Levine Chapels</b>          470 Harvard St, Brookline          617-277-8300          Jewish funeral home. Pale Ebre.</p>
<p><b>Lynch-Cantillon Funeral Home</b>          263 Main St, Woburn          781-933-0400          Pale anglè ak espanyòl. Yon manm nan pèsònèl la ki pale espanyòl          disponib aplentan.</p>	<p><b>Magrath Funeral Home</b>          336 Chelsea St, East Boston          617-567-0910          Pale Anglè.</p>
<p><b>Pushard Family Funeral Home</b>          (Avan sa, li te rele Laughlin, Nichols, &amp; Pennacchio Funeral Home)          210 Sherman St, Canton          617-361-2410          Pale Anglè.</p>	<p><b>Rocco- Carr- Henderson Funeral Homes</b>          (Avan sa, li te rele Rocco &amp; Sons)          331 Main St, Everett          617-387-4180          Pale Anglè.</p>

<p><b>Rogers Funeral Home</b>  380 Cambridge St, Cambridge  617-876-8964  Pale angle ak Pòtigè. Yon manm nan pèsònèl la ki pale pòtigè (dyalèk Brezilyen) ki disponib aplentan.</p>	<p><b>Smith Funeral Home</b>  (Avan sa, li te rele Smith-Walata Funeral Home)  125 Washington Ave, Chelsea  617-889-1177  Pale Anglè.</p>
<p><b>Stanetsky Memorial Chapel</b>  1668 Beacon St, Brookline  617-232-9300  Jewish funeral home. Gen yon manm pèsònèl la ki pale Espanyòl epi li travay ak tradiktè Ris yo.</p>	<p><b>Solomine Funeral Home</b>  Biwo prensipal: 426 Broadway (Rt. 129), Lynn Biwo segondè: 67 Ocean St (Rt. 1A), Lynn  781-595-1492  Pale Anglè. Ap bay sèvis gratis pou fanmi lokal (rezidan Lynn yo) yon timoun ki mouri. Nansikonstans ki ra, eksepsyonèl, li ka pwolonje pou rezidan nan lòt kominote North Shore yo. Kontakte yo pou plis enfòmasyon.</p>
<p><b>Wing Fook Funeral Home</b>  13 Gerard St, Boston  617-989-8833  Pale Anglè, Chinwa (Mandarin &amp; Kantonè), Vyetnamyen. Yon manm nan pèsònèl la ki pale Chinwa ak vyetnamyen, disponib aplentan.</p>	<p><b>Welsh Funeral Home</b>  718 Broadway, Chelsea  617-889-2723  Pale Anglè.</p>